



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO PRAL LIMEN MONIMAN ANBLEMATIK ETA
YO AN REKONESANS POU JOUNEN EGALITE FANM YO**

One World Trade Center, Vyadik Pershing Square, Pon Kosciuszko, Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, Pon Mid-Hudson, Batiman Administrasyon Santral SUNY, Batiman Edikasyon Eta a, Batiman Alfred E. Smith, Niagara Falls ak Pòtay Prensipal Fwa Eta a Pral Limen

Moniman anblematik yo ap limen nan koulè sifraj yo - mòv, blan ak lò - pou selebre jounen egalite fanm yo ak 100yèm anivèsè obtansyon dwa vòt fanm yo

Gouvènè a pibliye pwoklamasyon ki deklare jounen egalite fanm yo, li disponib [isit la](#)

NAN KA KE OU TE RATE LI: *Editorial Sekretè Melissa DeRosa: Egalite fanm yo se yon kesyon sante piblik - konsilte li [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral limen batiman anblematik yo nan tout Eta a pou onore Joune Egalite Fanm (Women's Equality Day), gen ladan flèch One World Trade Center a, Vyadik Pershing Square, Pon Kosciuszko, Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, Pon Mid-Hudson, Batiman Administrasyon Santral SUNY, Batiman Edikasyon Eta a, Batiman Alfred E. Smith, Niagara Falls ak Pano ki gen LED yo nan Pòtay Prensipal Fwa Eta a Jounen egalite fanm yo selebre jounen yo te sètifye 19yèm Amanman an nan Konstitisyon an. Ane sa a komemore 10yèm anivèsè kote fanm yo te sekirize dwa vòt la.

"New York se kote mouvman pwogresis la te pran nesans, gen ladan konba pou dwa vòt fanm yo ki te kòmanse nan Seneca Falls an 1848", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York te kontinye eritaj sa a nan montre chemen an pou nou avanse - gen ladan etabli pi gwo pwoteksyon pou ekite salaryal, elimine taks wòz la ak retire zam nan men agresè domestik yo. Anivèsè sa a se yon selebrasyon sou kote nou soti depi fanm yo te sekirize dwa vòt la, men li bay tout yon chans pou nou reflechi sou ki pwogrè anplis nou dwe reyalize pou nou atenn vrèman egalite ant sèks yo."

"Nou selebre adopsyon 19yèm Amanman an ki garanti dwa vòt pou fanm yo nan limen moniman anblematik Eta a yo nan koulè sifraj sou Jounen Egalite Fanm lan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm yo nan Eta New York, NYS, te di.** "Li te pran plizyè deseni sakrifis imans ak travay di nan men anpil

sfrajèt pou nou rive genyen kote nou yo jodi a. Epi pandan fanm blan yo te sekirize dwa vòt la, fanm nwa yo, moun koulè yo ak popilasyon endijèn yo pa te eksperimante menm privilèj la jiska plizyè deseni apre. Enjistis sa a reflekte kesyon nou toujou ap fè fas nan sosyete nou an. Nan okazyon Jounen Egalite Fanm yo ak chak jou, nou ankouraje Nouyòkè yo kontinye konba pou fanm yo ak pou tout moun genyen dwa egal ego ak pwoteksyon. Moman nou an se kounye a".

"Nan okazyon 100yèm anivèsè obtansyon dwa vòt fanm yo, nou temwen fason COVID-19 te agrave gwo difikilte pou sitèlman anpil fanm patikilyèman fanm koulè yo, ki gendwa deja genyen sou zepòl yo yon responsabilite ki twòp pou yo nan swen timoun, fè fas avèk diskriminasyon nan espas travay, soufri nan men agresè domestik oswa fè fas ak rezilta sante ensèten kòm manman ansent oswa nouvo manman", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), di konsa.** "Fanm yo reprezante majorite travayè esansyèl yo, ponpye yo, moun ki ap bay swen yo ak pwofesè yo ki te entèveni yon fason ewoyik fas ak kriz sa a. New York te montre chemen an nan egalite ant sèks yo, epi nou rete angaje pou asire fanm yo pa rete dèyè pandan nou ap defini wout nou pou lavni".

Jounen Egalite Fanm yo, ke defen Reprèzantan ameriken pou New York, Bella Abzug, te pwopoze a komemore sètifikasyon an 1920 19yèm amannman an nan Konstitisyon an, sa ki emansipe fanm yo. Kòmansman fòmèl mouvman pou sifraj fanm lan te kòmanse nan konvansyon dwa fanm yo an 1848 nan Seneca Falls, New York.

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo se yon lidè nasyonal nan pwomouvwa dwa fanm yo. Ane pase, Gouvènè Cuomo te siyen [lejislasyon pou egalite peman](#) an ki etann pwoteksyon salè sou baz sèks yo, an 2016, Gouvènè a te siyen pou vini lwa [Konje Peye pou Fanmi ki pi solid ak pi konplè nan nasyon an](#) policy. Nan kad selebrasyon 100yèm anivèsè sifraj fanm nan Eta New York la, Gouvènè Cuomo [te etabli](#) Konsèy Eta New York sou Fanm ak Tifi a an 2017 pou rekonèt ak fè avanse dwa fanm yo nan Eta nou an. Pami reyalizasyon ane 2020 pou fanm ak tifi yo nan Eta New York, gen ladan: Konje maladi pou Nouyòkè ki ap travay yo; eliminasyon diskriminasyon pri sou baz sèks; legalizasyon matènite sibstitisyon ki pa jenetik; pwoteksyon pou sèvis planifikasyon famiyal ak sante repwodiktif yo; ekite salaryal nan otorite Eta ak lokal yo; kreyasyon yon modèl inovan ki santre sou sivivan pou prestasyon sèvis pou vyolans domestik; etablisman distribisyon ekitab resous yo nan pwosedi divòs yo; ak kreyasyon Akademi Lidèchip Antrepriz Fanm (Women's Corporate Leadership Academy) yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)